



Kat Rezime Pèfòmans Swen Timoun: Kesyon Moun Poze Souvan

Kisa Kat Rezime Pèfòmans ye?

Kat Rezime Pèfòmans la prezante enfòmasyon kle sou yon pwogram gadri an gwoup. Lalwa Eta Nouyòk (bit.ly/nys-law-performance-card) egzije sa epi Depatman Sante Vil Nouyòk (on.nyc.gov/health-code-chapter3) emèt li pou pwogram gadri an gwoup ki reglemante pa Atik 47 Kòd Sante Vil Nouyòk la.

Poukisa enfòmasyon ki sou kat la chanje?

Depatman Sante Vil Nouyòk chanje enfòmasyon ki sou kat la pou rann li pi fasil pou operatè pwogram gadri, paran ak lòt moun k ap bay swen pou evalye pèfòmans yon pwogram.

Ki kote sèvis gadri yo ta dwe montre kat la?

Operatè pwogram gadri pou timoun yo dwe poste kat la nan papòt pwogram yo a, nan 2 pye devan pòt la oswa lòt antre prensipal ak 4 a 6 pye soti nan tè a. Kat la dwe vizib klèman pou moun k ap antre nan espas pwogram nan.

- Pwogram devan magazen yo ka mete kat la nan fenèt ki toupre antre deyò a oswa nan vestibule a bò kote antre anndan an.
- Pwogram ki nan pi gwo bilding yo ka mete kat la nan koulwa akote antre pwogram nan.
- Pwogram ki gen plizyè antre ta dwe mete kat la akote antre prensipal la.

Si w pa sèten ki kote pou w mete kat la, rele biwo minisipalite w la. Pou konnen kijan pou kontakte biwo lokal ou a, vizite sitwèb sa a on.nyc.gov/borough-office-locations.

Ki lè sèvis gadri a dwe montre kat la?

Pwogram yo pral resevwa yon nouvo kat yon fwa pa ane. Kat la dwe parèt le pli vit ke pwogram nan resevwa li.

Èske pwogram gadri yo ka afiche yon fotokopi oswa yon kopi faks kat la?

Non, pwogram nan dwe poste kat orijinal Depatman Sante Vil Nouyòk te bay la.

Èske pwogram gadri yo ka mande yon kat ajou?

Wi, pwogram yo ka mande yon kat ajou nan men Depatman Sante Vil Nouyòk lè yo rele **311** oswa soumèt yon demann sou Entènèt nan nyc.gov/health/summary-card. Apre yo resevwa l, pwogram lan dwe imedyatman montre kat ajou a epi detwi kat ekspire a.

Èske pwogram gadri yo ka retire kat yo?

Pwogram yo ka retire yon kat ki parèt sèlman si yo ranplase li ak yon kat ki ajou.

Kisa pwogram gadri yo ta dwe fè si kat yo vin domaje oswa andomaje?

Pwogram yo ta dwe rele **311** oswa soumèt yon demann pou kat ranplasman sou Entènèt

nan nyc.gov/health/summary-card. Lè w ap soumèt yon aplikasyon sou entènèt, chwazi pou w resevwa yon kopi aplikasyon an pa imèl. Pwogram yo ta dwe kenbe imel sa a si yo ta gen yon enspeksyon pandan peryòd datant kat ranplasman an. Yon enspektè p ap bay yon vyolasyon pou li pa montre kat la si pwogram nan pataje imèl konfirmasyon li ak enspektè a.

Ki penalite si yo pa montre kat la?

Si yo pa montre kat la, sa ka lakòz yon sitasyon ak yon amann \$500.

Poukisa ta ka gen plis pase yon enspeksyon ki nan lis sou kat la pou menm jou a?

Plizyè enspeksyon ka fèt nan menm jou a. Yon enspeksyon adisyonèl ka fèt pou verifye si vyolasyon yo te note pandan yon enspeksyon anvan yo te korije, an repons a plent, oswa si sa nesesè pou bay sipò anplis.

Poukisa nimewo ki nan lis pou "Timoun ki gen dwa pran swen" diferan ak kantite timoun ki enskri nan yon pwogram?

Nimewo ki nan lis pou "Timoun ki gen dwa pran swen" se kantite maksimòm timoun pwogram nan ka pran swen alafwa dapre espas etablisman an ak laj timoun yo. Nimewo sa a ka diferan ak kantite timoun ki enskri yo.

Poukisa Depatman Sante Vil Nouyòk ta fèmen yon pwogram gadri?

Depatman Sante Vil Nouyòk pral mande pou yon pwogram fèmen tanporèman si, pa egzanp, pwogram nan pa sipèvize timoun yo byen oswa si gen anplwaye ki pa kalifye. Yon fwa ke pwogram nan korije vyolasyon yo te jwenn pandan yon enspeksyon, Depatman Sante Vil Nouyòk pral pèmèt pwogram nan relouvri.

Si yon pwogram gadri dwe fèmen, Depatman Sante Vil Nouyòk ap bay yon rapò fèmen pou pwogram nan afiche. Ki kote ak pou konbyen tan pwogram nan ta dwe montre rapò final la?

Pwogram nan dwe afiche rapò final la nan papòt la, toupre kat rezime pèfòmans lan, ak nan yon kote ki enpòtan pou omwen 12 mwa apati dat Depatman Sante Vil Nouyòk fèmen pwogram nan.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou rezulta yon enspeksyon pwogram gadri?

Vizite nyc.gov/childcareconnect pou revize istwa enspeksyon yon pwogram epi konpare rezulta pwogram nan ak rezulta lòt pwogram atravè NYC.

Pou plis enfòmasyon, vizite nyc.gov/health/gcc.